



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO AP BAY DÈNYE NOUVÈL SOU REPONS ETA NAN AKSIDAN REMÒKÈ AK DEVÈSMAN LWIL SOU HUDSON RIVER**

***Wap jwenn disponib dènye enfòmasyon Gouvènè a nan vèsyon odyo disponib [la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te bay enfòmasyon sou repons Eta nan aksidan remòkè a e ki lakoz nan yon devèsman lwil nan Hudson River.

Yon manm ekipaj remòkè a te mouri, e Lapolis Eta kowòdone avèk Gad Kot Etazini ansanm avèk lapolis lokal pou lokalize de manm ekipaj ki te disparèt. Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta ak yon kontraktè prive te deplwaye yon Ekip Repons Rapid ak ekipman kontwòl pou kontwole gaz kap koule nan remòkè a.

“Aksidan jodia se te yon trajedi, e nou voye panse ak priyè nou bay pwòch manm ekipaj yo ki te nan remòkè a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta ap travay aktivman avèk patnè nou yo nan lapolis pou lokalize manm ekipaj ki disparèt yo epi diminye domaj anviwonmantal nan Hudson River. Nou pral fè yon investigasyon konplè pou konprann egzakteman sa ki te kondwi a evènman jodia epi bay plis enfòmasyon osito ke yap vin disponib.”

### ***Rezime sou Ensidan***

Byen bonè samdi maten, twa remòkè tap transpòte yon chalan avèk ekipman konstriksyon nan direksyon sid Hudson River. Chalan ak remòkè ki tap akonpaye yo pat soti nan mitan yon Gad Kot Ameriken 600-pye-laj nan kanal ki te deziyen, okontrè yo te apwoche toupre de yon konstriksyon baj ki te estasyon toupre waf 31, kote travay sou ranplasman Pon Tappan Zee ankou. Youn nan remòkè sa yo, nan non espesyalis la, te frape baj Tappan Zee e li te koule.

Konstriktè Tappan Zee yo, konstriktè pou ranplasman pon an, te gen yon ekip 21 travayè sou chalan yo nan moman an; okenn ladan yo pat blese lè remòkè a te frape.

Aprè li fin frape chalan, remòkè a te kòmanse koule jiska 5,000 galon gaz dyezèl, sa te kreye yon depo gaz glise apeprè 100 yad nan lajè ak 5 kilomèt longè.

Lapolis lokal te deplwaye yon aparèy ki gen ladan dlo ak gaz akòz de ekla vizib la. Konte Westchester te kòmanse yon netwayaj avèk pati prive, Miller Environmental Group, pou jere devèsman dyezèl la. Anplwaye ki soti nan Ekip Devèsman Lwil

Depatman Konsèvasyon Anviwonman sou plas pou kontwole netwayaj la vèk de bato DEC– youn 31 pye avèk yon ekip ki gen twa moun ak yon lòt 44 pye ki gen yon ekip twa moun.

**Komisyonè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans John P. Melville te deklare:** “Anplwaye Biwo Divizyon Jesyon Ijans ak Prevansyon ak Kontwòl Dife ap bay kòmann ak sipò kontwòl e lap kontinye ede premye sekouris lokal, eta ak federal pandan ensidan sa.”

**Sipè-Entandan Lapolis Eta a, Joseph A. D'Amico te deklare:** “Lapolis Eta tap travay avèk patnè lapolis lokal nou yo ansanm avèk premye sekouris yo ak Gad Kot Etazini sou efò sekou ak rekiperasyon depi yo te fin rapòte aksidan an. Plonjè nou yo kounye a ap travay pou detèmine pozisyon remòkè yo kidonk yo ka pran yon desizyon sou kijan yap pouswiv operasyon rekiperasyon yo.”

**Komisyonè pa Entèrim Depatman DEC Basil Seggos te deklare:** “Ekip DEC yo sou plas pou kontwole operasyon netwayaj devèsman lwil pou asire enpak minim nan anviwonman. Sekouris devèsman yo ap rete sou sit la osi lontan ke sa nesèsè jiskaske yo fin fè netwayaj la.”

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York| Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418